

Igihe DCF itohoza raporo y'ihoterwa ry'umwana canke ukutitabwaho, dutegerezwa guhitamwo nimba umuntu yiyumvira ashobora kwemera ko ivyo vyabaye. Nimba inyishu ari EGO, raporo iba yemejwe kandi izina ry'umuntu ryongerwa ku rupapuro rukingira umwana.

Igitabo c'ivyanditswe kirimwo iki?

1. Izina ry'umuntu
2. Nimiburiburi kimwe mu bindi bizwi kugira bifashe kubamenya (akarorero, itarike y'amavuka)
3. Igenekerezo & ubwoko bw'ubushakashatsi
4. Urugero rwo gukingira umwana ku bijanye n'ivyago bibabaza abana muri kazoza - ku vyanditswe vyose vyongeweko canke inyuma y'uwa 1 Mukakaro, 2009

Mbe abenegihugu barashobora gushikira igitabo c'ivyanditswe?

Oya. Ariko ubu canke abakozi bariho barashobora kubironka nimba:

- ▶ Umuntu wo gusuzumwa arabaha uruhusha *KANDI*
- ▶ Umukozi ashiramwo abana, urwaruka canke abakuze batishoboye

Ni gute nimba nemejwe?

Izina ryawe rizokwongerwa ku vyanditswe - uretse igihe wokwanka iyemezwa hama bigahindurwa.

Ni gute iyandikwa rishobora kungirako ingaruka?

Rishobora kugira ingaruka ku bushobozi bwawe bwo:

- ▶ Kurera umwana
- ▶ Kuba umurezi w'umwana
- ▶ Uwushira imbere iterambere/uwitaho imbabare vy'imfatakibanza
- ▶ Gukora canke kwitanga mu nzego zitaho abana, urwaruka canke abakuze batishoboye

Abandi barashobora kugusaba ivyo wanditse nimba arivyo. Ibi birimwo:

- ▶ Uwukuze/amashirahamwe akingira umwana
- ▶ Urwego rw'abakora mu buvuzi
- ▶ Abacamanza ba reta

ISUBIRWAMWO RY'IVYEMEJWE

Nimba waremejwe:

- ▶ **Kuva muri Nzero 1, 1992 gushika muri Myandagaro 31, 2007:**

Ushobora gusaba isubirwamwo kugira uvyanke canke uvyemeze - umwanya uwariwo wose.

- ▶ **Ku/inyuma y'uwa 1 Nyakanga 2007:** Ushobora gusaba isubirwamwo kugira uvyanke canke uvyemeze - mu minsi 14 kuva igihe twakurungikiyeko ikete tuguhanura ko:
 - ⇒ Dufise intumbero yokwongerwa izina ryawe mu gitabo
 - ⇒ Ufise uburenganzira bwogusaba isubirwamwo ry'iyemezwa

Ni iki kiba nimba nsavye rimwe?

1. Tuzoguhamagara kugira dupange inama n'uwujewe gusubiramwo yigenga.
2. Imaze gupangwa, tuzokurungikira ikete ryemeza hamwe n'amakopi yanditse y'itohoza (kw'itegeko).
3. Inyuma y'inama, uwusubiramwo ashobora:
 - ⇒ Shigikira iyemezwa
 - ⇒ Kubihindura
 - ⇒ Rongora DCF kwongera kwugurura itohoza
4. Uzurungikirwa ikete ry'icemezo.
5. Nimba uwusubiramwo ashigikiye iyemezwa:
 - ⇒ Tuzokwongerako izina ryawe mu gitabo (canke ukibike nimba camaze gushika ngaho)
 - ⇒ Ushobora kwunguruza kubw'iyoy ngingo ku rwego rujejwe agateka ka zina muntu

Nimba atasubirwamwo wasavye mu mwanya wemewe:

- ▶ Izina ryawe rizokwongerwa mu gitabo (*canke kugumaho nimba imaze kuhaba*)
- ▶ Icemezo kizoba ntabanduka kandi ntabundi burenganzira bwo gusaba isubirwamwo kw'iyemezwa

IHAGARIKWA RY'ISUBIRAMWO

Ushobora gusaba isubiramwo kugira izina ryawe rikurwe mu gitabo igihe rimazemwo imyaka itari mike. Igihe kingana gute utegerezwa kurindira bivanye:

- ▶ Igihe wemejwe
- ▶ Urugero rwo gukingira umwana wawe (nimba ruriho)

Soma ivyongeyeko biri ku rupapuro rwa 1 kugira umenye igihe ushobora gusaba ihagarikwa ry'isubiramwo. Ushobora kuDAsaba imwe nimba usabwa kuba mu gitabo c'abafashe ku nguvu.

Ni iki kiba nimba nsavye rimwe?

1. Uzoronka amahirwe yo gushikiriza amakuru uwusubiramwo. Azoraba ibintu nka:
 - ⇒ Ubwoko & igitigiri c'ivyemejwe
 - ⇒ Uko umwanya uheze ungana
 - ⇒ Nimba bisa n'ivyokwongera kuba
 - ⇒ Ibintu wakoze kugira uhinduke
 - ⇒ Abakuzi
2. Uzomenyeshwa icemezo, cafashwe n'abakozi ba DCF.
3. Nimba igisabo cawe kitemwe, ushobora kwungururiza ku rwego rushinzwe imibereho myiza.

GUSABA ISUBIRAMWO

1. Soma ku rupapuro rwa 1 rw'ivyongeweko kw'ifishe kugira umenye nimba ushobora gusaba imwe iki gihe.
2. Nimba ushobora kwuzuzura urupapuro rwa 2 rw'ifishe yongeweko.
3. Ishura ibibazo vyose & neza. *Ntidushobora kwiga ikibazo cawe uretse giheze.*
4. Erekan ubwoko bw'isubiramwo uriko urasaba.
5. Birungike ku:

**Gisata c'abana n'imiryango
Igitabo c'murwi w'abakozi
basubiramwo
HC 1 North, 280 State Drive
Waterbury, VT 05671-1080**

**Nimba ufise ibibazo canke ukeneye
ubufasha, hamagara (802) 241-2321.**

Urafise uburenganzira bwo:

- ▶ **Serivise zo gusobanura ku buntu nimba utazi icongereza cinshi**
- ▶ **Uburaro bwiza nimba ufise ubumuga**



**Igisata c'iVermont
kijejwe gukingira
abana**

 **VERMONT**
IKIGO GISHINZWE IMIBEREHO MYIZA
IGISATA C'ABANA N'IMIRYANGO